

Kesyon yo Poze Souvan --paj 19

Si mwen kalifye pou WIC, pandan konbyen tan mwen ka jwenn benefis yo?

- Pandan mwen ansent
- Jiska yon lane apre akouchman si wap bay tibebe w tete
- Jiska sis mwa apre akouchman si ou pa p bay tibebe w tete
- Jiska senkyèm anivèsè yon timoun

E si mwen demenaje?

Si ou planifye pou demenaje ale yon lòt kote nan Maine, ou ka tcheke sit entènèt nou pou w jwenn yon lis tout biwo WIC yo nan eta nan **www.wicforme.com**. Si ou planifye pou demenaje kite Maine, tanpri fè anplwaye WIC yo konnen.

Kisa yon pwokiratè ye?

Yon pwokiratè se yon moun ou fè konfyans. Ou bay moun sa pèmasyon pou itilize chèk WIC ou yo nan episri oswa pou ale nan randevou WIC yo pou ou. Si ou deziyen yon moun pou li yon pwokiratè, moun sa dwe:

- Siyen dèyè katab WIC sa a
- Pote l nan episri/makèt la lè wap siyen chèk WIC yo
- Konprann ki manje pou achte ak kijan pou itilize chèk WIC yo
- Pote katab sa a nan yon randevou WIC ansanm avèk yon fòm idantifikasyon

Poukisa anplwaye WIC yo pa ka bay lòt manm fanmi oswa zanmi m yo enfòmasyon sou mwen oswa pitit mwen?

Pwogram WIC la pwoteje dwa konfidansyalite w. WIC pa pral pataje okenn enfòmasyon san pèmasyon w. Sa a gen ladan lè randevou ak enfòmasyon medikal, si yon anplwaye WIC panse li andanje, li gen obligasyon pou l rapòte ke timoun nan andanje, dapre lalwa li gen yon obligasyon pou rapòte l bay yon anplwaye DHHS ki pral fè swivi avèk fanmi an.

E si chèk WIC mwen yo pèdi, vòlè oswa andomaje?

Enfòm biwo WIC ou touswit. Trete chèk WIC ou yo tankou lajan kach. Kenbe yo yon kote ki ansekirite.

Èske mwen bezwen achte tout bagay ki endike sou chèk WIC mwen an?

Non, ou pa oblije pran tout bagay ki sou chèk WIC ou yo. Achte manje ou konnen ou pral itilize.

E si mwen te depanse tout chèk WIC mwen yo epi tibebe w pa gen lèt?

WIC ka sèlman bay yon sèten kantite lèt bebe chak mwa. Kòm tibebe w ap vin pi gran, li ka bezwen plis lèt pase sa wap resevwa nan WIC la. Si sa rive, ou pral gen pou achte lèt jiskaske pwochen chèk WIC ou kòmanse.

Èske mwen ka patisipe nan plis pase yon sèl pwogram WIC anmenmtan?

Non.

Poukisa anplwaye WIC yo pa ka bay lòt manm fanmi oswa zanmi m yo enfòmasyon sou mwen oswa pitit mwen?

Pwogram WIC la pwoteje dwa konfidansyalite w. WIC pa pral pataje okenn enfòmasyon san pèmasyon w. Sa a gen ladan lè randevou ak enfòmasyon medikal, si yon anplwaye WIC panse li andanje, li gen obligasyon pou l rapòte ke timoun nan andanje, dapre lalwa li gen yon obligasyon pou rapòte l bay yon anplwaye DHHS ki pral fè swivi avèk fanmi an.

E si chèk WIC mwen yo pèdi, vòlè oswa andomaje?

Enfòm biwo WIC ou touswit. Trete chèk WIC ou yo tankou lajan kach. Kenbe yo yon kote ki ansekirite.

Èske mwen bezwen achte tout bagay ki endike sou chèk WIC mwen an?

Non, ou pa oblije pran tout bagay ki sou chèk WIC ou yo. Ou ka achte sèlman manje ou konnen ou pral itilize.

E si mwen te depanse tout chèk WIC mwen yo epi tibebe w pa gen lèt?

WIC ka sèlman bay yon sèten kantite lèt bebe chak mwa. Kòm tibebe w ap vin pi gran, li ka bezwen plis lèt pase sa wap resevwa nan WIC la. Si sa rive, ou pral gen pou achte lèt anplis jiskaske pwochen chèk WIC ou kòmanse.